


La Bib pou ti moun prézanté



David, Wa a (Pati 1)



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Ti David te nan kache. Wa Sayil te vle touye li.
David t ap viv nan dezè a, nan yon gwòt byen fon,
avèk katsan (400) konpayon. Pafwa sòlda wa Sayil yo
te konn prèske jwenn yo. Men, David
te kouri sove byen
vit.




Doëg, yon sèvitè Sayil, te di wa a te genyen kèk sakrifikatè ki te ede David chape. Sayil te bay lòd pou yo touye yo. Men, se sèlman Doëg ki te asepte fè travay sa a. Li te touye katreven senk sakrifikatè ak fanmi yo. Li te mechan anpil.



3

Yon jou, Sayil t ap pouswiv David epi li te antre nan gwòt kote David ak mesye l yo te kache a. Sayil te poukont li !



4


Nan gwòt la, David te ka touye Sayil byen fasil. Okontrè, li te akoupi epi li te koupe yon moso nan manto Sayil ak ponya li a. Lè Sayil te soti,



David te rele li byen fò. "Mwen te koupe yon moso nan rad ou epi mwen pa touye w. Se pou w Konnen mwen pa vle fè w ankenn mal..."


5

Sayil te di li regrèt paske l te vle touye David, men nan pa twò lontan rayisman li a te retounen, epi li te rasanble yon lame twamil (3,000) gason pou touye David. Yon jou lannuit, pandan lame a t ap dòmi, David ak Abishai (Abichayi), youn nan sòlda li yo, te antre ankachèt nan kan kote Sayil t ap dòmi an. Yon lòt fwa ankò, David te gen Sayil anba men li.




6

"Bondye te livre lènmi w yo nan men ou jodi a," Abichayi di li. Kite mwen pèse l ak lans mwen an, dwat nan kè li. Konsa, mwen p ap bezwen frape li yon dezyèm fwa.




7

David te refize. Li te pran lans ak boukliye Sayil la, li te kite kan an. Sou yon ti mòn ki toupre a, David te rele byen fò pou Sayil tandè li. Yon lòt fwa ankò, Sayil te wè David ta ka touye li, men li pa te fè sa. Sayil di ankò li regrèt li te vle touye David. Men, David te konnen li pa te kapab fè l konfyans.




8

Nan epòk sa a, Samyèl te mouri. Li se te pwofèt Bondye te mande pou beni Sayil, apre sa David, kòm wa Izrayèl. Lè Filisten yo te atake Izrayèl, Sayil te fè yon bagay terib, yon bagay Bondye te entèdi.



9

Li te mande yon fanm pou l ale pale avèk Samyèl depi kote li te mouri a. jou lannuit sila, Sayil te resevwa yon mesaj Samyèl te voye ba li.




10

"...Letènèl te dechire wayòm nan nan men w, epi li te bay yon lòt moun li, David. Demen ou menm ak pitit gason w yo ap avèk mwen, epi Letènèl apral livre kan Izrayèl la bay Filisten yo." Menm lè a, Sayil te tonbe atè.



11

Filisten yo te goumen ak Izrayèl, epi sòlda Izrayèl yo te kouri. Filisten yo te touye pitit gason Sayil yo, kidonk Jonatan, pi bon zanmi David la.



12

Sayil te blese gravman ak flèch ache yo, epi li di moun ki t ap pote zam li yo : "Rale epe w la epi pike mwen avèk li, pou sovaj sa yo (sila ki pa sikonsi yo) pa vin pèse m epi imilye m ak jouman." Moun ki t ap pote zam li yo pa te vle paske li te pè. Se konsa Sayil te pran epe li a epi li te lage kò l sou li.




13

Lè Filisten yo te jwenn kadav Sayil ak pitit gason li yo, yo te pann yo sou miray vil la yo te konkeri a. Genyen kèk Izrayelit ki te gen konpasyon ki te tounen ak kò yo epi yo te boule yo, anvan yo te antere rès yo an Izrayèl.



14



Lè David te tandé move
nouvèl yo, yo te kriye,
yo te pote dèy, epi yo
te fè jèn rive jouk nan
aswè pou Sayil, pou
Jonatan, pitit gason l
an, ak pou pèp Izrayèl
la, paske yo te mouri
anba kout epe.

15



Menm si Sayil te eseye pou li
touye David, David te onore
Sayil, ki te rete moun beni
(chwazi) Letènèl la jouk alafen.
Après sa, Bondye te onore David,
li te fè l wa nan plas Sayil.

16

David, Wa a (Pati 1)


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

1 Samyèl 24-31 ; 2 Samyèl 1-2

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

17



20

60 18

Istwa bibli sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

19